ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ
**ФАРМОЙИШИ**

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ
**БИЙЛИГИ**

Нукус шаҳри — Нөкис қаласы

№ 246-б — «29» сентябрь 2017 й.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 18-июльдеги «Өзбекистан жаслар аўқамы жумысларын беккемлеўге байланыслы комплекс ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-3138-санлы қарары 51-бәнтиниң орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Өзбекистан Республикасы Ғәрезсизлигиниң жигирма алты жыллығы мүнәсибети менен Қарақалпақстан Республикасындағы барлық қала ҳам районларда жәмлеспеген ҳәм кем тәмийинленген жасларды қоллап-қуўатлаў мақсетинде «Жаслар поезди» үгит-нәсиятын шөлкемлестириў бойынша билдирилген усыныс ҳәм пикирлерди инабатқа алып:

1. Өзбекистан жаслар аўқамы Қарақалпақстан Республикалық Кеңесиниң 2017-жыл 16-сентябрьдеги 02-07/124-санлы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2017-жыл 16-сентябрьдеги АУ/03-02/1649-санлы хатларына муўапық Қарақалпақстан Республикасының барлық қала ҳәм районларында "Жаслар поезди" үгит-нәсиятлаў илажларын көтеринки руўхта өткериў ушын зәрүр болған жәми 19 475 660 (он тоғыз миллион төрт жүз жетпис бес мың алты жүз алпыс) сум муғдарындағы қаржыны Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң сақлаўлы қоры есабынан Министрлер Кеңеси Ислер Басқармасына ажыратыў ҳаққындағы усынıслары мақулланcын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (А.Убайдуллаев) Қарақалпақстан Республикасының барлық қала ҳәм районларында "Жаслар поезди" үгит-нәсиятлаў илажларын көтеринки руўхта өткериў ушын зәрүр болған жәми 19 475 660 (он тоғыз миллион төрт жүз жетпис бес мың алты жүз алпыс) сум муғдарындағы қаржыны Өзбекистан Республикасы Бюджет Кодексиниң 73-статьясына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң сақлаўлы қоры есабынан Министрлер Кеңеси Ислер Басқармасына ажыратыў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Ислер Басқармасы (М.Джуманиязов) ажыратылған қаржының мақсетке муўапық жумсалыўын тәмийинлесин.

4. Өзбекистан Республикасы Финанс министрлигиниң мәмлекетлик финанслық қадағалаў бас басқармасы Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик финанслық қадағалаў басқармасынан (Б.Утамбетов) ажыратылған қаржылардың мақсетли сарыпланыўын қадағалаў соралсын.

5. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары М.Содиқовқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** Қ.Сариев